


# Enfòmasyon Sou Swen Ou Pandan Akouchman ak Pandan Nesans lan

Beth Israel Lahey Health   
Mount Auburn Hospital

Gen yon tibebe se yon evènman natirèl. Pifò pasyan yo akouche nòmalman, tibebe yo pran nesans san yo pa gen okenn pwoblèm ki grav. Malgre sa, gen kèk sitiyasyon ki ka rive lè w nan fen gwosès ou a oswa lè w ap akouche, ki ka afekte swen w oswa bezwen tibebe w la.

Sa ki dekri anba a se kèk nan sitiyasyon sa yo. Fòmilè sa a gen ladan l tou kèk pratik ki rive pi souvan ou ka fè fas avèk yo pandan sejou w nan lopital la.

Si ou gen kesyon, asire w ou poze klinisyen ou an kesyon sa yo.

## ***Akouchman***

---

1. Yon enfimyè ap travay ansanm avèk doktè oswa fanm saj ou a pou pran swen ou. Nan kèk lopital, doktè ki nan fòmasyon nan departman obstetrik oswa anestezi (rezidan) ka ede yo pran swen ou tou.

2. Lòt klinisyen ki nan fòmasyon (sa vle di, etidyan medikal, elèv nan fanm saj, enfimyè oswa asistan doktè) ka patisipe nan pran swen ou. Doktè, fanm saj oswa enfimyè ou a ap toujou sipèvizè etidyan yo.

3. Ou ka fè yon tès san pandan akouchman an pou mezire kantite gram san ou genyen oswa pou lòt rezon.

4. Jeneralman, lè ou rive lopital la pou akouchman, yon enfimyè ap mete yon monitè fetal sou vant ou pou verifye batman kè tibebe a. Si batman kè a nòmal, y ap ka retire monitè a. Y ap verifye batman kè tibebe a detanzantan pandan akouchman an.

5. Pafwa batman kè yon tibebe konn bezwen pou yo verifye l pi souvan kidonk manman ap gen yon monitè fetal sou vant li pandan yon moman oswa pandan tout akouchman an. Modèl batman kè fetis ki nòmal yo ap rasire moun yo. Pafwa, konn gen varyasyon nan modèl batman kè fetis la ki bay enkyetid, menm lè tibebe a anfòm. Etid yo montre modèl sa yo difisil pou entèprete epi yo ka ogmante chans pou fè yon sezaryèn oswa yon akouchman avèk fòsèp. Monitè fetal la pa anpeche paralezi serebral oswa malfòmasyon nesans.

6. Nan kèk sitiyasyon, enfòmasyon monitè ekstèn lan konn bay yo konn pa sifi, se sa k fè, lòt enfòmasyon sou kondisyon tibebe a konn nesèsè. Si sa rive, doktè oswa fanm saj ou a ap mete yon elektwòd monitè entèn sou tèt tibebe a. Nan kèk ka ki ra anpil, sa ka pwovoke yon enfeksyon nan po tèt tibebe a.

7. Nan mwens pase 0.5% (yon mwatye nan yon pousan) akouchman, y ap bezwen yon echantyon san ki sòti nan po tèt tibebe a pou yo konnen plis bagay sou kòman tibebe a ap tolere akouchman. Echantyon an ap tankou lè ou gen dwèt ou ki pike. Nan kèk okazyon ki ra, kote yo pran echantyon an ka ap senyen oswa l ka enfekte.

8. Pafwa anomali yo jwenn nan kè tibebe a ka korije avèk yon amnyo-enfizyon. Nan entèvansyon sa, klinisyen an ap mete yon tib an plastik nan matris la epi y ap ajoute yon likid nan likid amnyotik la. Nan kèk sitiyasyon, sa ka diminye presyon k ap fèt sou kòd lonbrit la.

9. Ou ka gen yon liy entravenez IV (entravenez) pandan akouchman an pou ba ou plis likid, pou ba ou kèk tip medikaman pou soulaje doulè oswa antibyotik. Se pa tout fanm ki bezwen yon IV (entravenez).

10. Gen anpil fason pou soulaje doulè pandan akouchman an tankou mache, itilize benwa oswa douch, teknik respirasyon ak relaksasyon pwofon ak masaj. Si ou santi ou bezwen plis medikaman pou soulaje doulè w, doktè oswa fanm saj ou a ka ofri ou lòt chwa ki an sekirite pou ou ak tibebe ou a. Tankou:

Medikaman: Yo ka ba ou yon medikaman tankou yon enjeksyon ak yon egwi nan misk ou (yon “piki”) oswa yo ka ba ou l dirèkteman nan yon liy IV (entravenez). Ou ka gen anvi dòmi tou piti. Reyaksyon alèjik yo ra, men yo ka rive.

Peridiral: Yon peridiral se mwayen pou soulaje doulè yo itilize pi souvan pandan akouchman ak nesans yo. Yon espesyalis anestezi ap mete yon tib mens ki fleksib nan do ou. Entèvansyon sa ap pran anviwon 20 minit. Apre sa, w ap ka resevwa medikaman pou soulaje doulè nan tib la. Sa ap diminye pifò doulè akouchman an.

11. Si akouchman ou an ralanti, doktè oswa fanm saj ou a ka ba ou ositosin (Pitocin®) atravè tib IV (entravenez) ou a, yon medikaman ki tankou yon òmòn pou fè kontraksyon ou yo vin pi fò epi pi rapwoche.

12. Pafwa, li konn nesese pou yo pwovoke akouchman an akòz sante moun lan oswa sante tibebe a avan li kòmanse akouchman an poukont li. Ozetazini, anviwon yon ka nan akouchman yo pwovoke. Men kèk rezon ki konn fè yo pwovoke yon akouchman, yon tibebe ki an reta pandan plis pase youn oubyen de semèn, yon tibebe ki pa grandi byen, enfeksyon, tansyon wo, dyabèt, oubyen si moun lan kase lezo. Doktè oswa fanm saj ou a ka ede w kòmanse akouchman an nan plizyè fason. Si kòl matris la mou epi li elastik, y ap plis itilize ositosin (Pitocin®) ke y ap ba ou nan tib IV (entravenez) a. Si kòl matris la poko prè, jeneralman se medikaman yo rele pwostaglandin yo y ap bay an premye.

13. Pafwa, yo ka pwovoke akouchman an pou rezon ki pa medikal apre 39 semèn jestasyon men anvan dat ou te dwe akouche a. Akouchman ki pwovoke pou rezon ki pa medikal pa ka pwograme anvan 39 semèn jestasyon san yo pa etabli oswa konfime kapasite fetis la pou l respire lè ki nan chanm lan lè l fèt (matirite poumon fetis la), avan yo pwograme w pou yo pwovoke akouchman an.

14. Pwovoke yon akouchman gen kèk risk ladan l tankou kreye kontraksyon ki twò fò oswa ki fèt twò souvan, ki ka estrese tibebe a. Nan prèske tout sitiyoasyon, yo ka jere risk sa epi kontraksyon yo ka diminye. Men pwovoke akouchman an ka pa reyisi epi li ka ogmante risk pou yo fè w sezaryèn, espesyalman si se premye tibebe ou ak/oswa si kòl matris la poko prè (pa pare pou akouchman).

## ***Akouchman Nan Bouboun***

---

1. Kontraksyon akouchman yo ap ouvè kòl matris la dousman. Lè kòl matris la fin ouvè nèt, kontraksyon yo, ansanm ak èd ou, ap pouse tibebe a nan kanal nesans lan (bouboun). Jeneralman, tèt tibebe a sòti an premye, apres sa se zepòl yo ak rès kò a.

2. Anviwon 10-15 pousan nan pasyan ki ansent bezwen kèk èd pou yo pouse tibebe a nan kanal nesans lan. Doktè oswa fanm saj la ka aplike yon vantouz espesyal oswa fòsèp nan tèt tibebe a pou ede manman an pouse tibebe a sòti. Gwo etid montre vantouz la ak fòsèp yo san danje.

3. Nan anviwon yon pousan nan nesans yo, zepòl yo pa sòti fasil, yo rele sa distosi zepòl. Si sa rive, doktè oswa fanm saj ou a ap eseye ede zepòl tibebe a sòti. Distosi zepòl ka lakòz zo klavikil la kase oswa bra tibebe a oswa li ka andomaje nè ki nan bra tibebe a. Anpil fwa, pwoblèm sa yo geri byen vit. Distosi zepòl la ka fè w gen ti chire nan antre bouboun ou epi ou ka ap bay san apre w fin akouche.

4. Anpil pasyan ap gen ti chire nan antre bouboun yo. Pafwa doktè oswa fanm saj la ap koupe kèk tisi pou ouvèti a ka vin pi laj (epizyotomi).

5. Pifò moun ki gen ti chire oubyen ki gen yon epizyotomi ap bezwen koud. Fil yo koud ou a ap sòti nan kèk semèn pandan l ap geri. Zòn lan ka anfle epi li ka ap fè w mal pandan kèk jou. Li ra anpil pou w ta gen yon enfeksyon. Li ra anpil pou yon chire oswa yon koupe ta rive nan deyè a. Anpil fwa, apre yo fin koud ou, sa geri san pwoblèm.

6. Nòmalmman, matris la ap mete plasennata a deyò tousuit apre nesans la. Nan anviwon yon pousan nan nesans yo, sa pa rive. Si sa rive doktè a oswa fanm saj la dwe antre anndan matris la pou yo retire plasennata a. Si sa rive, ou ka bezwen anestezi pou moun lan ka retire plasennata a.

7. Tout pasyan pèdi yon kantite san pandan akouchman.

Yon pasyan gen plis chans pou l pèdi anpil san si:

- plasennata a pa sòti poukont li,
- moun lan ap fè plizyè timoun tankou de oswa twa timoun, oswa
- akouchman an pran anpil tan.

8. Pitosen ka ede diminye senyen apre akouchman an. Si moun lan ap bay anpil san, yo ka itilize lòt medikaman pou ede kontrakte matris li. Yon ti kal moun (mwens pase yon pousan) bezwen yon transfizyon san apre yon akouchman nan bouboun.

## Sezaryèn

---

1. Anviwon yon tyè nan pasyan yo fè sezaryèn lè y ap fè timoun. Gen kèk sezaryèn ki te planifye, pandan gen lòt yo pa t prevwa.
2. Pandan sezaryèn lan, yon doktè ap fè yon ensizyon nan vant lan pou mete tibebe a deyò.
3. Pi souvan, rezon ki fè yo fè yon sezaryèn se:
  - kòl matris la poko fin ouvè nèt,
  - tibebe a pa desann nan kanal nesans lan,
  - tibebe a bezwen sòti byen vit si se pa sa, manman an oswa tibebe a ka gen yon pwoblèm, epi
  - tibebe a pa nan yon pozisyon ki pou pèmèt yon akouchman nan bouboun, epi
  - manman an te fè yon sezaryèn avan sa.
4. Yo toujou itilize anestezi pou yo fè sezaryèn la: pifò fèt avèk anestezi rejyonal tankou anestezi espinal, peridiral oswa teknik konbine espinal-peridiral, konsa pasyan an rete reveye pandan entèvansyon an. Rès yo fèt avèk anestezi jeneral.
5. Ou pèdi plis san lè w fè sezaryèn pase lè akouchman an fèt nan bouboun ou. Li toujou rete ra (12 nan 1,000) pou gen bezwen yon transfizyon.
6. Li pi fasil pou w gen yon enfeksyon apre yon sezaryèn. Souvan, doktè yo bay antibyotik pandan nesans la pou ede anpeche sa.
7. Yon tib mens yo rele yon katetè pipi (foley) ap vide blad pipi a pandan operasyon an. Jeneralman, l ap rete an plas pandan 12-24 èdtan apre sa.
8. Nan mwens pase yon pousan nan sezaryèn yo, operasyon an ka lakòz domaj nan entesten an oswa sistèm pipi a. Anpil fwa, yo detekte epi yo korije pwoblèm sa yo pandan operasyon an.
9. Nan mwens pase yon pousan nan sezaryèn yo, tibebe a ka blese pandan l ap fèt la. Lè sa rive, jeneralman, tibebe a konn blese tou piti.

## Aprè Nesans

---

1. Chans pou w gen yon enfeksyon nan matris apre yon akouchman nan bouboun se 2-3 pousan; apre yon sezaryèn, chans pou w gen yon enfeksyon nan matris se 20-30 pousan. Antibyotik ka diminye risk la men li pa garanti ou p ap gen yon enfeksyon.
2. Ou ka gen vant fè mal paske matris la ap retounen nan gwosè nòmal li. Vant fè mal sa ap vin pi fò nan chak akouchman. Ou ka remake li fè w mal plis lè w ap bay tete.
3. Si w te fè tibebe w la nan bouboun, ou ka gen doulè nan antre bouboun lan. Si ou te fè yon sezaryèn, w ap gen doulè nan ensizyon an ki nan vant ou a. Mande doktè oswa fanm saj ou a medikaman pou soulaje doulè si ou bezwen sa.
4. Li nòmal pou w ap bay san nan bouboun ou apre yon akouchman. L ap diminye sou 1-2 semèn. Anviwon yon pousan nan fanm yo bay anpil san epi yo bezwen yon tretman. Pafwa, sa konn rive sou plizyè semèn apre akouchman an.
5. Pifò pasyan santi yo fatige epi yo kriye apre akouchman an. Pou anviwon dis pousan nan nouvo pasyan yo, santiman sa yo toujou ret la oswa yo vin pi mal (depresyon apre akouchman). Si sa rive, mande doktè oswa fanm saj ou a èd.
6. Plizyè faktè enflyanse moman w ap kite lopital la pou w ale lakay ou. Sa gen ladan l sante ou, sante tibebe ou a, èd ak sipò ou genyen lakay ou.

## ***Tibebe ki fenk fèt***

---

1. Nan yon minit apre nesans lan, epi nan senk minit ankò apre nesans lan, y ap bay ti bebe a yon nòt Apgar. Nòt yo reflekte batman kè, respirasyon, koulè, tonis miskilè ak vigè tibebe a. Nòt sa yo ede pedyat ou a ak pèsònèl matènite a nan planifikasyon swen pou tibebe ou a.
2. Anviwon 3-4 pousan tibebe fèt ak kèk malfòmasyon nesans. Anpil pa fè tibebe a mal (tankou pi plis dwèt oswa zòtèy). Gen kèk, tankou kèk anomali nan kè, kapab grav.
3. Anviwon 7-10 pousan tibebe fèt anvan lè yo (mwens pase 37 semèn gwoès), oswa gen yon pwoblèm k ap mande kèk fòm swen espesyal, sa vle di, tretman nan yon Matènite Swen Espesyal oswa nan yon Inite Swen Entansif Newonatal. Yon ti pousantaj tibebe ki fèt apre 37 semèn ka mande kèk fòm swen espesyal tou.
4. Anviwon 12-16 pousan tibebe evakye mekonyòm (premye twalèt la) nan likid amnyotik la anvan akouchman. Lè sa rive, y ap bezwen rale nan bouch tibebe a ak nan vwa respiratwa li yo kantite mekonyòm yo kapab apre akouchman an.

5. Lè tibebe ou a fin fèt, y ap ba li (fi oubyen gason) yon pomad je pou evite enfeksyon nan je ak yon piki Vitamin K pou evite emoraji. Y ap itilize sèlman kèk gout san nan talon tibebe a pou yo fè tès depistaj pou 29 maladi diferan lakay tibebe ou a. Y ap voye rezilta yo bay pedyat ou a ki nan kominote a. Y ap verifiye si tibebe a tandè nòmalmman pandan sejou l nan lopital la. Y ap ankouraje w tou pou fè tibebe w la resevwa premye vaksen l kont epatit B anvan ou ale avè l lakay ou.

6. Twa a kat nan chak 1,000 tibebe ki fenk fèt gen enfeksyon bakteri ki grav nan san yo, nan poumon yo epi—nan kèk ka ki ra—nan sifas sèvo a ak mwal epinyè. Si w gen yon Strep Gwoup B, si ou gen lafyèv pandan akouchman an oswa si manbràn ou yo (kase lezo) pete depi lontan, yo ka ba ou antibyotik pandan akouchman ou an pou diminye risk pou tibebe ou a pa gen yon enfeksyon.

7. Si risk pou tibebe w la gen yon enfeksyon ogmante oswa tibebe w la gen siy enfeksyon, pedyat ou a ka deside voye san oswa kèk prelevman nan laboratwa pou yo analize yo. Tibebe w la ka resevwa antibyotik tou.

## ***Evènman ki pa rive Souvan oswa ki Ra***

---

Pwoblèm sa yo pa rive souvan oswa yo ra pandan gwosès la:

1. Gen kèk tibebe ki fèt twò bonè pou yo viv oubyen yo gen pwoblèm medikal ki grav. Sou chak 1,000 tibebe ki fèt, anviwon 6-7 mouri anndan vant manman yo apre 20 semèn jestasyon (mòtinesans oswa lanmò fetis); epi 4-5 sou chak 1,000 tibebe ki fèt mouri yon ti tan apre nesans yo oswa yon mwa apre nesans yo.
2. Anviwon 3 sou chak 1,000 manman devlope boul san nan janm yo apre yo fin akouche epi yo bezwen yon tretman. Sa gen plis chans rive apre sezaryèn pase apre akouchman nan bouboun.

3. Nan anviwon 1-2 sou 1,000 nesans, yon doktè dwe retire matris la (isterektomi) pou yo ka kanpe emoraji a. Sa vle di pasyan sa pa ka ansent ankò.

4. Anviwon 6 sou chak 1,000 pasyan resevwa transfizyon san apre yo fin akouche. Risk ki asosye ak transfizyon san gen ladan l reyaksyon alèjik, lafyèv oswa enfeksyon. Chans pou kontrakte epatit nan yon transfizyon se 1 nan 100,000; chans pou kontrakte VIH la mwens pase 1,000,000.

5. Li ra anpil (mwens pase 1 nan 10,000) pou yon pasyan mouri apre yon akouchman. Gwo emoraji, tansyon wo, boul san nan poumon ak pwoblèm lòt kondisyon medikal bay ka lakoz sa.

## ***Rezime***

---

Pifò tibebe fèt an sante epi pifò pasyan akouche oswa yo bay nesans san pwoblèm ki grav. Men, ou dwe reyalize gwosès ak akouchman gen kèk risk. Anpil nan pwoblèm posib yo fè moun pè anpil. Sonje, pifò nan pwoblèm sa yo pa rive souvan epi evènman ki pi grav yo ra anpil.

Ekip swen sante ou a ap siveye ak anpil atansyon siy pwoblèm posib sa yo. Y ap fè tout sa yo kapab pou yo idantifye yo byen bonè, eksplike w yo, epi ofri w tretman. Ekip swen sante ou a enpasyan pou l pran swen ou pandan akouchman ak nesans lan epi pou l fè w akouche yon tibebe ki an sante.